

AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE

Dat Efektif: 09/23/2013

Dat Piblikasyon: 09/23/2013

Avi sa a esplike kijan enfòmasyon medikal sou ou ka itilize oswa pataje, epi kijan ou ka jwenn aksè ladan l. Tanpri li avèk atansyon.

BKB MED LLC

Dwa Ou Gen Dapre “Privacy Rule”

- Dwa pou resevwa Avi sa a: Nou dwe ba ou yon kopi avi sa a. Nou ka modifye avi sa a nenpòt lè. Si ou mande l, n ap voye yon kopi revize pou ou pa lapòs oswa ba ou li nan pwochen randevou ou. Avi a ap parèt tou nan yon kote vizib nan biwo nou oswa sou sit entènèt nou.
- Dwa pou otorize lòt itilizasyon: Nenpòt itilizasyon oswa pataj PHI ki pa mansyone nan avi sa a mande pèmisyon ekri ou. Ou ka revoke yon pèmisyon ekri nenpòt lè, eksepte si li deja itilize.
- Dwa pou mande kominikasyon konfidansyèl: Ou ka mande nou kontakte ou nan yon fason oswa adrès diferan de sa nou genyen nan dosye a. Nou pral respekte nenpòt demann ki rezonab.
- Dwa pou enspekte ak jwenn kopi dosye ou: Ou ka gade ak jwenn kopi dosye medikal ou, sou papye oswa elektwonik. Nou ka chaje yon frè rezonab dapre lwa.
- Dwa pou mande restriksyon: Ou ka mande nou, ekri, pou nou pa itilize oswa pataje kèk pati nan PHI ou. Nan sèten ka nou ka refize, men si ou peye an plen yon sèvis, ou ka mande pou nou pa pataje enfòmasyon sa a ak plan asirans ou.
- Dwa pou mande koreksyon: Ou ka mande yon chanjman nan dosye ou si ou panse gen erè. Nou ka refize nan sèten sikonstans.
- Dwa pou jwenn lis pataj: Ou ka mande yon lis moun oswa antite deyò pratik la ki te resevwa PHI ou.
- Dwa pou resevwa avi sou vyolasyon: Si gen yon vyolasyon done ki afekte PHI ou, ou gen dwa resevwa avi alekri.

Si ou gen kesyon sou dwa sa yo, kontakte Privacy Manager nou. Enfòmasyon pou kontakte yo nan fen avi sa a.

Kijan Nou Ka Itilize oswa Pataje PHI Ou

- Tretman: Pou bay oswa kowòdone swen ou, tankou pataje preskripsyon ak famasi oswa ak lòt doktè.

- Randevou ak rapèl: Pou raple ou randevou, voye rezilta tèl, oswa enfòmè ou sou opsyon tretman. Ou ka chwazi pa resevwa mesaj sa yo.
- Peman: Pou jwenn peman nan men plan asirans ou.
- Operasyon swen sante: Pou planifikasyon, evalyasyon kalite, sèvis legal oswa aktivite sekirite pasyan.
- Òganizasyon enfòmasyon sante: Pou echanj elektwonik enfòmasyon ak lòt òganizasyon ki gen otorizasyon.
- Fanmi oswa zanmi ki enplike nan swen ou: Sauf si ou opoze, nou ka pataje enfòmasyon ak moun ou idantifye oswa nou panse ki nan pi bon enterè ou.
- Lòt rezon lalwa pèmèt: Nou ka pataje PHI ou san pèmisyon ekri pou rezon tankou: obligasyon legal, sante piblik, siveyans, ka abi, FDA, rechèch, pwosedi legal, lapolis, don ògàn, militè oswa sekirite nasyonal, konpansasyon travay, prizon, oswa demann Depatman Sante ak Sèvis Imen (HHS).

Plent sou Konfidansyalite

Ou gen dwa depoze plent lakay nou oswa dirèkteman ak Secretary of the Department of Health and Human Services si ou panse dwa konfidansyalite ou vyole. Pa gen okenn represay kont ou si ou depoze plent.

Adrès:
13814 SW 152 ST
Miami, FL 33177